



Commonwealth Massachusetts LA

DEPATMAN SÈVIS PUBLIK

AVI SOU ODYANS PIBLIK LA EPI DEMAND POU W VIN FÈ KÒMANTÈ

D.P.U. 26-90

24 Avril, 2026

Ankèt pa Depatman Sèvis Piblik, sou pwòp inisyativ li, k ap mete sou pye yon pwosedi pou adopte règleman dapre G.L. c. 30A, § 2; G.L. c. 25, § 2; ak 220 CMR 2.00 pou yon amandman sou règleman Konpayi ki nan Rezo Transpò yo nan 220 CMR 274.00, epi pou pwomilge Estanda Konfòmite pou Chofè Konpayi ki nan Rezo Transpò yo nan 220 CMR 275.00, Pratik ak Pwosedi Konpayi Rezo Transpòasyon nan 220 CMR 276.00, ak Elektrifikasyon Veyikil ki nan Rezo Transpòasyon nan 220 CMR 277.00.

Nan dat 24 Avril 2026, Depatman Sèvis Piblik ("Depatman") te pibliye yon lòd ki lanse yon pwosedi pou etabli règleman, dapre G.L. c. 30A, § 2, ak 220 CMR 2.00, pou apwouve règleman yo pwopoze pou modifye règleman Konpayi Rezo Transpò yo nan 220 CMR 274.00, epi pou pwomilge Estanda Konfòmite pou Chofè ki nan Rezo Transpò yo nan 220 CMR 275.00, Pratik ak Pwosedi Konpayi Rezo Transpò nan 220 CMR 276.00, ak Elektrifikasyon Veyikil Rezo Transpò nan 220 CMR 277.00. Espesyalman, Depatman an pwopoze pou modifye Règleman li yo sou Konpayi Rezo Transpò pou aplike dispozisyon rediksyon emisyon gaz a efè tèmik ki nan Chapit 179 Lwa 2022 yo, yon Lwa sou Enèji Pwòp ak Van arebò Kotyè yo ("Lwa sou Enèji Pwòp 2022"), ansanm ak lòt chanjman adisyonèl pou klarifikasyon administratif. Depatman an te anrejistre dosye sa a sou non D.P.U. 26-90.

Yon kopi Lòd Depatman an ak Règleman pwopoze pou Konpayi Rezo Transpò yo ap disponib sou sitwèb Depatman an pi vit ke posib nan <https://eeaonline.eea.state.ma.us/DPU/Fileroom/dockets/bynumber> (antre "26-90").

Depatman an pral fè de (2) odyans piblik. Tou de (2) odyans yo ap fèt an pèsòn epi sou Zoom. Apre odyans piblik yo, ap gen yon sesyon teknik. Y ap pibliye yon ajanda pou sesyon teknik la pita.

Premye Odyans Piblik Lendi 8 Jwen, 2026, a 10:00 a.m.

Lokal Premye reyinyon an-pèsòn nan: One South Station, Third Floor, Large Hearing Room, Boston, MA 02110. Sekirite bilding lan mande yon kat ID ki gen foto w sou li ke gouvènman an bay. Estasyon transpò piblik ki tou pre.: South Station (Red Line).

D.P.U. 26-90

Page 2

Patisipan vityèl yo: itilize lyen sa pou w patisipe - <https://us06web.zoom.us/j/81631765167> sou yon òdinatè, tablèt, oswa aparèy entelijan. Pou patisipan ki vle patisipe sèlman ak odyo, yo ka rele nan +1 646 558 8656 (Se pa yon nimewo gratis) epi antre ID Webinè a: **816 3176 51 67**.

Dezyèm Odyans Piblik Jedi 11 Jwen, 2026, a 2:00 p.m.

Lokal Dezyèm reyinyon an pèsòn nan: Bibliyotèk Lawrence Public Library, Sargent Auditorium, 51 Lawrence Street, Lawrence, MA 01841.

Patisipan vityèl yo: itilize lyen sa pou w patisipe - <https://us06web.zoom.us/j/83458201524> sou yon òdinatè, tablèt, oswa aparèy entelijan. Pou patisipan ki vle patisipe sèlman ak odyo, yo ka rele nan +1 646 558 8656 (Se pa yon nimewo gratis) epi antre ID Webinè a: **834 5820 1524**.

Depatman an pral bay sèvis entèpretasyon nan odyans piblik la nan lang espanyòl, pòtigè, chinwa (mandaren + kantone), kreyòl ayisyen, ak vyetnamyen.

Yon Sesyon Teknik ap Fèt Lendi 22 Jwen., 2026 a 10:00 a.m.

Lokal Reyinyon Sesyon Teknik la: One South Station, Third Floor (3èm Etaj), Large Hearing Room, Boston, MA 02110. Sekirite bilding lan mande yon kat ID ki gen foto w sou li ke gouvènman an bay. Estasyon transpò piblik ki tou pre.: South Station (Red Line)

Patisipan vityèl yo: itilize lyen sa pou w patisipe - <https://us06web.zoom.us/j/84613545139> sou yon òdinatè, tablèt, oswa aparèy entelijan. Pou patisipan ki vle patisipe sèlman ak odyo, yo ka rele nan + 1 646 558 8656 (Se pa yon nimewo gratis) epi antre ID Webinè a: **846 1354 5139**

Pou asistans teknik Zoom, rele oswa voye mesaj tèks bay (857) 200-0065.

Si w prevwa pouf è yon kòmantè sou Zoom pandan odyans piblik la, tanpri voye yon imèl anvan **Vandredi 29 Me 2026**, bay zachary.caunter@mass.gov ak non ou, adrès imel ou, ak adrès postal ou.

Nenpòt moun ki vle fè yon kòmantè alekri sou dosye sa a ka soumèt kòmantè yo bay Depatman an pa pita pase lè biwo a fèmen (5:00 p.m.) nan **Lendi 1ye Jwen 2026**, epi repons kòmantè alekri yo pa pita pase lè biwo a fèmen an ki se (5:00 p.m.) nan **Jedi, 2 Jiyè 2026**. Voye kòmantè alekri piblik la pa imèl bay dpu.efiling@mass.gov ak zachary.caunter@mass.gov. Tanpri note ke nan enterè transparans, nenpòt kòmantè ki fèt apibliye sou sit entènèt nou an jan nou resevwa yo epi san redaksyon enfòmasyon pèsònèl, tankou adrès, nimewo telefòn oswa adrès

imel. Kidonk, konsidere kantite enfòmasyon ou vle pataje lè w ap soumèt kòmantè piblik. Depatman an ankouraje pou soumèt kòmantè piblik pa imèl. Si, sepandan, yon manm piblik la pa kapab voye kòmantè ekri pa imèl, yo ka voye yon kopi papyè bay Peter Ray, Sekretè, Depatman Sèvis Piblik, ki nan One South Station, Boston, Massachusetts 02110.

D.P.U. 26-90

Page 3

Tout dokiman yo dwe soumèt bay Depatman an nan fòm **.pdf** kòm yon atachman imèl bay dpu.efiling@mass.gov ak zachary.caunter@mass.gov. Tèks imèl la dwe presize: (1) nimewo dosye pwosedi a (D.P.U. 26-90); (2) non moun oswa konpayi k ap soumèt dokiman an; ak (3) yon tit deskriptif kout pou dokiman an. Imèl la dwe enkli ladan tou non, tit, ak nimewo telefòn yon moun pou kontakte si gen kesyon sou dokiman an. Non fichye elektwonik la dwe idantifye dokiman an men li pa dwe depase 50 karaktè. Enpòtan, tout gwo fichye yo soumèt dwe separe an fichye elektwonik ki pa depase 20 MB. Tout dokiman soumèt nan fòm elektwonik ap afiche sou sit entènèt Depatman an.: <https://eeaonline.eea.state.ma.us/DPU/Fileroom> (antre “26-90”).

Depatman an akeyi chanjman nan langaj espesifik yo rekòmande nan Règleman yo Pwopoze sou Konpayi Rezo Transpò yo. Anplis de sa, Depatman an ap chèche kòmantè sou sijè sa yo, jan sa note nan Lòd ki ouvri pwosesis regilasyon an sou paj 31-33.

Pou fè demand materyèl nan fòm aksesib pou moun ki gen yon dezabilite/twoub (Ti pwèn Bray, gwo enprime, fichye elektwonik, fòm odyo), kontakte kòdonatè ADA Depatman an nan Jenyka.Spitz-Gassnola2@mass.gov.

Pa Lòd Depatman an,

/s/

Peter Ray, Sekretè

<p>This document contains important information. Please have it translated immediately.</p> <p>В данном документе содержится важная информация. Вам необходимо срочно сделать перевод документа.</p> <p>Este documento contiene información importante. Por favor, consiga una traducción inmediatamente.</p> <p>تحتوي هذه الوثيقة على معلومات هامة يرجى ترجمتها فوراً.</p> <p>Docikman sa gen enfòmasyon enpòtan. Tanpri fè yon moun tradwi l touswit.</p>	<p>Questo documento contiene informazioni importanti. La preghiamo di tradurlo immediatamente.</p> <p>Este documento contém informações importantes. Por favor, traduzi-lo imediatamente.</p> <p>此文件含有重要信息，請立即找人翻譯。</p> <p>본 문서에는 중요한 정보가 포함되어 있습니다. 본 문서를 즉시 번역하도록 하십시오.</p> <p>Tài liệu này có chứa thông tin quan trọng. Vui lòng dịch tài liệu này ngay.</p>	<p>ເອກະສານສະບັບນີ້ ບັນຈຸຂໍ້ມູນສຳຄັນ. ກະລຸນາເອົາເອກະສານສະບັບນີ້ໄປແປຂອກຢ່າງບໍລິເວນ.</p> <p>ឯកសារនេះមានຂໍ້ມູນທີ່ສຳຄັນ ຈຶ່ງສូຍບກໃບຮູບຖ່າຍຂອກ ຈຶ່ງ.</p> <p>Ce document contient des informations importantes. Veuillez le faire traduire au plus tôt.</p>
---	--	--